

# EAST RAMAPO

## DISTRI SANTRAL LEKÒL

"Yon kominote inifye pou edike tout timoun"

EDISYON BIDJÈ • PRENTAN 2021

## Vote Bidjè ki pwograme pou 11 Me 2021

YON MESAJ KI SOTI NAN PREZIDAN KONSÈY EDIKASYON AN AK SIPÈ-ENTANDAN PA ENTERIM NAN

### Chè Manm nan Kominote a:

Madi 13 avril la, Konsèy Edikasyon Distri Santral Lekòl East Ramapo a te adopte alinanimite Pwopozisyon Bidjè 2021-22 a.

Nou kontan anonse ou bidjè a ap kenbe aksan distri a mete sou aksè ekitab tout etidyan nan pwogram, nan sèvis ak resous de kalite yo, pandan li mete aksan sou elaborasyon estrateji, envestisman dirab k ap sipòte an menm tan bezwen olistik akademik ak sosyo-afektif etidyan yo. **Pwopozisyon plan depans nou an prezève pwogram de kalite epi kenbe yon aksè ekitab pou sipò epi resous nan yon anvivonman edikatif ki sen e sekirize.**

Redevans ak responsablite akademik e bidjetè yo kontinye rete potomitan Distri Santral Lekòl East Ramapo. Pwopozisyon Bidjè lane 2021-22 a etabli yon plan ki ekilibre yon fason efikas bezwen tout elèv yo ak tout lekòl nan kominote eskolè nou yo. Nou te etabli yon plan estratejik eskolè ak finansye alontèm ki konsidere bezwen patikilye elèv yo ak kominote a pandan l ap kenbe asirans ERCSD pral bay la:

### REZIME PWOPOZISYON BIDJÈ 2021-22 A

Bidjè Pwopoze:  
**\$272 449 633**

Ogmantasyon  
Bidjè-a-Bidjè: **11%**

Ogmantasyon ki Prewwa  
pou Taks: **0%**

**Bidjè a rive nan ogmantasyon bidjè  
lye prensipalman ak depans ponktyèl  
nan bidjè 2021-2022 an.**

- Yon ogmantasyon de 0% nan prelèvman fiskal **SAN rediksyon nan pwogram yo oswa nan sèvis yo**
- Sèt Travayè Sosyal endispansab pou reponn ak bezwen sosyo-emosyonèl elèv yo - ki enkli sipòte Eksperyans Negatif ki lye ak Anfans (ACES), ki se evènman twomatizan tankou pandemi COVID la, manje oswa ensekirite ki gen rapò ak lojman, oswa pèdi yon moun ki chè
- Nivo mizik ki konsistan, za, atletis ak pwogram para-eskolè
- Amelyore pwogram, sèvis ak aprantisaj pwofesyonèl aprenan Lang Anglè Amelyore (ELL) ak Elèv ki gen yon Andikap (SWD) epi rasyonnalizasyon lang Anglè pou Lokitè Lòt lang yo (ESOL) ak pèsònèl ak pwogram SWD yo pou bay yon sipò pedagogik dirèk
- Rediksyon sou kantite nivo tranzisyon lekòl ak lekòl yo
- Ogmante posiblite ane eskolè pou elèv soti nan matenèl pou rive nan 12èm ane pandan l ap met aksan sou devlopman alfabetizasyon ak kapasite nan kalkil e kouvri kredi nan nivo segondè yo.

Pwopozisyon bidjè 2021-22 a ekilibre epi li te elabore avèk done ki konsidere tout bagay e ki ajou sou depans ak resèt pou asire si l fè yon sèl ak bezwen eskolè, sosyo-emosyonèl yo epi ak bezwen ki baze sou transpò e kominotè elèv yo. Sa gen ladan l yon ogmantasyon depans a 11%. Bidjè total \$272 449 633 genyen yon ogmantasyon bidjetè ki rapwoche de \$26 704 780. **Gras ak lidèchip nouvo Ekip Ofisyèl Biznis Distri a, travay Ekip Lidèchip Distri a sible - ki enkli sètitud chèf departman ak lekòl yo gen abilite pou rann kont sou bidjè yo - plan finansye nou an ap genyen yon ogmantasyon enpo de 0% san l pa gen konsekans sou kontribyab Distri Santral Lekòl East Ramapo yo.**

Nou te kontinye ak tout libète favorize relasyon yo epi konstwi lyen ak kominote nou yo. Nou fòme yon sèl kominote epi nou kontan kontinye travay ak sèvis nou yo nan pi wo nivo. Nou remèsye w pou kolaborasyon w, sipò w, ak ko-defans ou.

Kòdyalman,


**Yehuda Weissmandl**  
Prezidan, Konsèy Edikasyon

**Doktè Ray Giamartino**  
Sipèentandan pa enterim Lekòl yo

**VÒT: MADI, 11 ME 2021 • 7:00 A.M. - 10:00 P.M.**

# Eleman nan Bidjè Pwopoze a

# Rezime Pwopozisyon Bidjè a




	BIDJÈ PWOPOZE 2021-22	BIDJÈ REZÈV 2021-22	CHANJE
<b>Konpozan Administratif</b>	\$30 004 655	\$30 004 655	-
<b>Konpozan Pwogram</b>	\$194 762 419	\$194 762 419	-
<b>Konpozan Kapital</b>	\$47 682 559	\$47 682 559	-
<b>BIDJÈ TOTAL</b>	<b>\$272 449 633</b>	<b>\$272 449 633</b>	-

**Etdandone distri a reklame yon ogmantasyon de 0% nan redevans yo, bidjè rezèv yo ap rete menm jan an.**

## Tout Ozalantou East Ramapo



### Yon Kantite elev k ap Ogmante nan East Ramapo resevwa So Bilingual Eta New York la

So Bilingual a pèmèt elèv yo montre yo metrize tandè, pale, lekti ak ekri an anglè e nan yon Lang Mondyal. Imedyatman yo ajoute nan diplòm yo, yo kapab itilize l nan kolèj pou swiv kou pi avanse. Nan de (2) dènye ane ki sot pase yo, East Ramapo gradye 36 elèv ak so Bilingual a nan diplòm yo, epi plis pase 100 jinyò ak senyò ap travay pou yo jwenn li ane sa.




Amelyorasyon tankou bagay sa yo enpòtan paske yo redwi sou kantite lajan yo, ogmante sekirite ak pwolonje dire vi espas la. Renovasyon gen yon enpak estrawòdinè sou elèv, kò pwofesoral ak kominote eskolè yo. Amezi aparans lekòl yo ap amelyore, santiman fyète parapò ak enstitisyon an amelyore tou.

bezwen pou aprann yo. Okazyon aprantisaj pwofesyonèl yo ap apiye diskisyon ki fèt an kolaborasyon pou l ranfòse konpreyansyon pou apwopriye aprantisaj elèv yo avèk objektif aprantisaj ki eksplisit, kesyon konplèks, angajman elèv yo ak entegrasyon teknoloji pou panse kritik ak solisyon pwoblèm.



### Renovasyon Sant Fitnès Lekòl



### Kwòdonatè Resous Fanmiyal yo Ede Fanmi Toupatou nan East Ramapo

Kwòdonatè Sant Resous pou Fanmi an (FRC) bay sipò presye ak anpil manm nan kominote East Ramapo nan ede yo kwòdone aktivite eskolè ak edikatif yo, ki enkli fwa sou sante, sware matematik ak lekti, pwogram menntora, klas pou paran ak seyans sou planifikasyon finansyèl. FRC yo jwe yon wòl enpòtan nan chak 14 lekòl nou yo, ki enkli Administrasyon Santral la. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou [ERCSD.org/FRC](http://ERCSD.org/FRC).

### Segondè Ramapo a

15 mas 2021 an, administratè East Ramapo inogire yon sant fitnès endispansab dènye kalite teknoloji nan Lekòl Segondè Ramapo. Nouvo enstalasyon an genyen 4 400 pye an fòm kare espas ansèyman fonksyonèl avèk yon plan etaj ki ouvri pou sipòte kou sou edikasyon fizik pandan aktivite para-eskolè ak atletis yo, ki enkli lit, atletis, baskèt, foutbòl, ak antrènman ki pa nan sezon.

### Elaji Posibilite Pou Ane Eskolè a

Kòmanse jiyè 2021, Distri a ap rann disponib Elajisman Posibilite Pou Ane Eskolè a yo pou l abòde aprantisaj ki pa fini yo yon fason egal pou tout elèv. Pwogram sa yo ap pouswiv jiska lane eskolè 2021-22. Konfòmman ak Plan Akademik Estratejik ERCSD yo, anseyan yo pral kontinye mete strateji edikatif ki vize elèv yo.

### Aksè Ekitab ak Teknoloji epi Solisyon pou Aprantisaj Vityèl

East Ramapo angaje l pou bay aksè ak tenoloji youn pa youn pou tout elè v yo. Depi lè pandami an fèmen lekòl yo ane pase a, Distri a te distribiye plis pase 7 483 Chromebooks e 1 116 wifi bay aprenan nou yo. Teknoloji nimerik sa a, ansanm ak patenarya kle nou gen ak Dell epi T-Mobile, bay yon aksè imedya epi eklib nan pwogram ak sèvis ansèyman pou tout elèv yo. Distri a kontinye bati sou enfrastrikti aprantisaj nimerik nesèsè li a pou ofri tout elèv yo yon edikasyon de gran kalite epi pou itilize divès pwogram pou fè timoun patisipe nan yon aprantisaj trè efikas, tankou Classlink, Remind ak Schoology.

## Avi sou Bidjè Distri Santral Lekòl East Ramapo 2021-22

PWOPOZISYON BIDJÈ GLOBAL	Bidjè Adopte pou Ane Lekòl 2020-21 an	Bidjè Pwopoze pou Ane Lekòl 2021-22 an	Bidjè Ijans pou Ane Lekòl 2021-22 an*
Montan Total Bidjetize, Pa Enkli Pwopozisyon Separe	\$245 744 853	\$272 449 633	\$272 449 633
Ogmante/Diminye pou Ane Lekòl 2021-22 la		\$26 704 780	\$26 704 780
Pousantaj Ogmante / Diminye nan Bidjè Pwopoze a		11%	11%
Chanjman nan Index Pri Konsomatè		1,23%	
A. Prelèvman Taks ki Pwopoze pou Sipòte Montan Total Bidjè a	\$154 490 227	\$154 490 227	\$154 490 227
B. Prelèvman pou Sipòte Dèt Bibliyotèk, Si li aplikab	\$ 0	\$ 0	
C. Prelèvman pou Pwopozisyon ki pa Ekskli yo, Si yo Aplikab **	0	\$ 0	
D. Kantite Total Rezèv Kapital Enpo a yo Itilize pou Diminye Prelèvman Ane Aktyèl la	\$ 0	\$ 0	
E. Montan Total Prelèvman Taks Pwopoze pou Ane Lekòl la (A + B + C - D)	\$154 490 227	\$154 490 227	154 490 227 \$
F. Limit de Prelèvman Taks Eskolè	\$ 2 314 317	\$ 2 590 102	
G. Limit de Prelèvman Taks Eskolè Eksepte Prelèvman pou Esklizyon ki Akseptab yo	\$ 157 089 206	\$ 156 023 654	
H.Total Prelèvman Taks Propoze pou Lekòl, ki eskli Esklizasyon Admisib ak Prelèvman Dèt pou Bibliyotèk, Plis Rezèv Enpo pou Lane Avan an (EB-F+D)	\$ 152,175,910	\$ 151,900,125	
I. Diferans: (G - H); (Valè Negatif Mandè 60,0% Apwobasyon Elektè - Gade Remak Anba Sou Zafè Pwopozisyon Separe) **	\$ 4913296	\$ 4 123 529	
Konpozan Administrativ	21 304 009 \$	\$ 30 004 655	\$ 30 004 655
Konpozan Pwogram	207 221 235	\$ 194 762 419	\$ 194 762 419
Konpozan Kapital	\$ 19 227 982	\$ 47 682 559	\$ 47 682 559

\* Deklarasyon sipozisyon ki te fèt nan pwojeksyon yon bidjè enprevi pou ane eskolè 2021-22 an, kapab defèt bidjè yo pwopoze a: Rediksyon kèk depans administratif, pedagogik ak lòt depans ankò.

Enimere Pwopozisyon separe yo ki pa enkli nan montan total bidjè a: (Prelèvman taks ki asosye avèk pwopozisyon ki pa kalifye pou esklizyon ka afekte limit taks sou pwopriyete ak ekzijans apwobasyon elektè yo)

Deskripsyon	Montan
<b>OKENN</b>	<b>\$0</b>

Nan Bidjè Pwopoze pou Ane Lekòl 2021-22 an	
<b>Ekonomi de baz Estimativ sou Egzansyon STAR<sup>1</sup>:</b>	\$838

Vòt bidjè anyèl la pou ane fiskal 2021-22 pa elektè yo ki kalifye nan Distri Lekòl East Ramapo Santral la ap fèt Madi 11 me 2021 pa Dekrè Egzekitif No. 202.26 Gouvènè a. Elektè kalifye yo dwe retounen yon bilten vòt yon elektè absan pa mwayen yon anvlop sele bay Grefye Distri a pa pita pase 5 p.m. 11 me 2021.

<sup>1</sup>Egzansyon taks eskolè de baz (STAR) otorize pa seksyon 425 nan Lwa sou Taks sou Byen Imobilye.

### Sou bilten vòt la

**PWOPOZISYON # 1: BIDJÈ 2021-22:** Èske bidjè anyèl distri lekòl a, jan yo pwopoze li a, yon kantite lajan kise \$272 449 633 dwe adopte ak yon taks sou revni?

### Kisa yon Bidjè Ijans vle di pou East Ramapo

Selon yon Bidjè Ijans, prelèvman taks Distri a pou lane 2021-22 dwe menm jan (oswa mwens) ak prelèvman taks pou lane 2020-21 a (ogmantasyon de 0%) Pou Distri Santral Lekòl East Ramapo a, kòm nou pwopoze yon ogmantasyon de 0% sou prelèvman yo, bidjè ijans yo p ap touche resèt ki soti nan taks yo.

## Kiyès ki ka vote?

Pou vote, ou dwe yon sitwayen ameriken, ki gen 18 an oswa plis, yon rezidan nan Distri a pou omwen 30 jou anvan dat vòt la epi anrejistre pou vote.

Si ou te vote nan yon eleksyon lekòl nan kat ane ki sot pase yo, oswa nan yon eleksyon jeneral mwa novanm, ou pa bezwen enskri ankò. Si ou pa sèten si ou anrejistre oswa si ou bezwen aprann kijan pou enskri, tanpri vizite [www.ercsd.org/budgetvote](http://www.ercsd.org/budgetvote).

## Enfòmasyon sou Votè a

Pou plis enfòmasyon sou vòt Bidjè Distri a, enskripsyon ak vòt absan, tanpri vizite sit entènèt nou an nan [www.ercsd.org/budgetvote](http://www.ercsd.org/budgetvote). Ou kapab telechaje yon fòm enskripsyon votè Konte Rockland nan [rocklandgov.com](http://rocklandgov.com).

Para obtener más información sobre la votación del presupuesto del distrito, la inscripción y la votación en ausencia, visite nuestro sitio web en [ercsd.org/budgetvote](http://ercsd.org/budgetvote). Puede descargar un formulario de registro de votantes del condado de Rockland en [rocklandgov.com](http://rocklandgov.com).

Pou plis enfòmasyon sou vòt bidjè distri a, enskripsyon, ak vòt absan, vizite sit entènèt nou an nan [ercsd.org/budgetvote](http://ercsd.org/budgetvote). Ou ka telechaje yon fòm enskripsyon votè Konte Rockland nan [rocklandgov.com](http://rocklandgov.com).



Para leer este boletín en español, visite [www.ercsd.org](http://www.ercsd.org)  
Pou li bilten sa a an kreyòl, vizite [www.ercsd.org](http://www.ercsd.org)


## Plas Biwo Vòt Distri lekòl nan East Ramapo

W ap vote nan Sikonskripsyon an paske adrès endike nan bilten vòt ou a oswa verifye [ercsd.org/budgetvote](http://ercsd.org/budgetvote)

### SIKONSKRIPSYON BIWO VÒT

1.	Summit Park Elementary School
2.	Avir Yakov Girls
3.	Spring Valley High School - Upper Gym
4.	Chestnut Ridge Middle School
5.	Yeshiva Viznitz
6.	Ukrainian Hall
7.	Ramapo High School
8.	Palisades Credit Union Park NY Boulders Ball Park
9.	Lime Kiln Elementary School

**VÒT: Madi, 11 Me 2021 • 7:00 a.m. - 10:00 p.m.**



### KONSÈY EDIKASYON EAST RAMAPO

Yehuda Weissmandl, Prezidan  
Sabrina Charles-Pierre  
Vis-Prezidan  
Mark Berkowitz  
Harry Grossman  
Ashley Leveille  
Sherry McGill  
Shimon Rose  
Yossi Weiss  
Ephraim Weissmandl

Doktè Ray Giamartino  
Sipèentandan pa enterim Lekòl yo

Pibliye pa Distri Santral Lekòl East Ramapo an koperasyon ak Sèvis Kominikasyon Rockland BOCES.

**East Ramapo Central School District**  
105 South Madison Avenue  
Spring Valley, NY 10977

CAR-RT SORT  
U.S. Postage  
**PAID**  
Non-Profit Org.  
Permit No. 7025  
Monsey, NY

## AKTYÈL REZIDAN

**D O K I M A N D A T E**